

Eksplikasyon sou Kouvèti yo: Asirans Kopwopriyete Parapò ak Asirans Pwopriyete Kay



Asirans se yon bagay konplike, sitou paske gen anpil diferan tip kontra asirans. Aprann ki tip kontra asirans ou kalifye pou li epi kiyès ki ka pi bon pou ou a ka fasil menm jan ak 1-2.

Egzat, pa gen 3. Se konsa li senp.

1. Ki Diferans ki Gen Ant Kopwopriyete ak Pwopriyete Kay?

Lè ou posede yon kay, ou se mèt kay la. Sa vle di ou responsab pou estrikti a antyèman. Responsablite w kòm pwopriyete gen ladan yo bagay antretyen tankou ranplase twati oswa repare mi deyò yo. Lè ou posede yon inite apatman, ou responsab pou karakteristik enteryè inite a, tankou planche ak mèb ak aparèy yo. Asosyasyon kopwopriyete ou a responsab pou pati deyò yo tankou estrikti bilding lan, fil elektrik, ak izolasyon an.

Kontra asirans ou a ekri dapre tip estrikti pwopriyete w la. Pou w konnen ki tip estrikti ou genyen, kontakte ajan w lan oswa tcheke sit entènèt evalyate pwopriyete lokal ou a.

An rezime: si ou nan yon kopwopriyete, ou ka aplike pou asirans inite-kopwopriyete. Si ou posede yon kay, ou ka aplike pou asirans pwopriyete kay.

2. Kisa ki Kouvri avèk Asirans Kopwopriyete yo?

Gen asirans kopwopriyete pou pwopriyete inite-kopwopriyete epi asirans kopwopriyete pou asosyasyon kopwopriyete. Li pwobab pou ou plis konnen asirans HO-6 la, kontra asirans tipik, endividyèl pou pwopriyete inite-kopwopriyete. Yon asirans inite-kopwopriyete kouvri pwopriyete pèsònèl ou, alòske asirans asosyasyon an jeneralman kouvri estrikti ak zòn ozanviwon yo, elatriye. Ou ka toujou mande yon kopi règleman asosyasyon an nan men konsèy kopwopriyete ou an.

Ou gen diferan opsyon pou asirans HO-6 ou a, tankou pwotekyon pèsyon lojman ou responsab yo (tankou kabinè ak planche), pwopriyete pèsònèl kont vòl ak zak vandalis, pèt itilizasyon si initie ou a ta vin pa abitab akòz yon pèt, epi responsabilite pèsònèl ak peman medikal si yon moun blese pandan li nan pwopriyete ou a. Kouvèti evalyasyon pou pèt jiska \$2,000 tou nan asirans HO-6 yo, epi evalyasyon sa yo se responsabilite tout pwopriyete inite. Evalyasyon sa yo konsène jeneralman dediktib ak reparasyon ki pa kouvri nan yon kontra asirans inite-kopwopriyete.

Sa yo se bagay de baz ou bezwenn konnen. Si ou ta vle aprann plis, revize [tip kouvèti kopwopriyete](#), itilize zouti [Find a Carrier](#) (Jwenn yon Konpayi Asirans) nou an pou wè ki asirè ki gen kouvèti w ap chache a, oswa kontakte yon ajan si ou gen kesyon.

Pwogram Clearinghouse: Nouvo Konpayi Asistans, Nouvo Opòtinite pou Kouvèti



Pale de asirans ka akablan. An nou reyalis – asirans ka konplike, epi majorite moun yo pa renmen pale de sa. Men gen kèk pwogram espesyal ki disponib pou asire Citizens yo. Konpreyansyon asirans kay ou ak lòt pwogram Citizens ki anrapò yo se kle pou vin yon konsomatè enfòmè, pou pwofite maksimòm opòtinite pwogram nan epi pran avantaj ak benefis ki ka ede ou si katastwòf ta frape. Ann fè yon ti vwayaj rapid pou aprann sou youn nan pwogram enpòtan sa yo: Pwogram Clearinghouse la.

Kisa Clearinghouse la ye?

Clearinghouse la se yon pwogram espesifik Citizens lalwa Florida etabli pou ede ajan yo verifye kalifikasyon pou majorite liy asirans pèsònèl ak Citizens. Nenpòt lè ou aplike pou yon asirans konsa ak nou oswa lè ou renouvle asirans ou, asirans la dwe pase atravè Clearinghouse la. Se yon etap enpòtan pou detèmine kalifikasyon pou asirans Citizens epi pou aplikan ak pou asire yo aprann konsènan opsyon mache prive yo. Pandan mache asirans pwopriye Florida a ap kontinye estabilize epi nouvo konpayi ap vini nan eta a, kliyan asirans yo menm gen plis opsyon asirans anplis de Citizens.

Kijan Li Fonksyone?

Ajan ou an ap kolekte konparezon kouvèti ak pri pou ou ka egzamine. Si ou se yon nouvo kliyan, ajan ou an pral fè rechèch nan mache a epi founi ou opsyon yo. Si yon asirè prive fè ou yon òf yon kouvèti konparab ki pa pi wo de 20% prim Citizens nan, ou p ap kalifye pou yon kontra asirans avèk Citizens. Paske nou se konpayi asirans dènye rekou nan Florid, ajan an dwe founi nou prèv swa yon refi de yon lòt konpayi oswa prèv òf lòt konpayi a pi wo de 20% prim Citizens nan pou ou ka kalifye pou aplike pou kouvèti avèk Citizens.

Pwosesis sa se menm bagay pou règleman Citizens ki nan etap renouvèlman ki sijè a Clearinghouse la. Chak kontra asirans konsa “achte” atravè Clearinghouse la. Sa vle di, chak kontra asirans gen yon chans pou yon konpayi asirans sou mache prive ofri yo yon kouvèti konparab. Faktè detèminan pou rete ak Citizens nan depann de òf lòt konpayi a. Si òf kouvèti konparab la nan limit 120% prim renouvèlman Citizens nan, ou pa kalifye ankò pou kouvèti. Si òf la depase 120% òf nou an epi ofri kouvèti konparab, ou ka rete ak Citizens.

Kijan Sa Benefisye Mwen?

Anplis ekonomi sou depans yo, konpayi asirans prive yo ka ofri yon kouvèti nou menm nou pa ofri, sa ki bay plis pwoteksyon pou kay ou epi potansyèlman elimine twou vid ki genyen nan pwoteksyon pou sitiyasyon ou an. Kèk konpayi ka ofri tou rabè pou kouvèti konbine si ou gen plizyè kontra asirans ak yo.

Sa pa yon sekre mache asirans pwopriyete Florid la ap vin pi konpetitif. Depi dènye Refòm lejislatif yo vin rantrè an vigè, gen omwens 17 nouvo konpayi asirans ki rantrè nan mache a. Menm lè ou ka peye plis ak yon lòt asirans, opsyon kouvèti yo ofri yo ka pi byen adapte a bezwen ou yo – epi toutan gen plis konpayi asirans ki rantrè nan mache a, nou atann opsyon pri ak kouvèti yo ap kontinye vin pi konpetitif epi nan avantaj ou, asire a.

Lè ou gen kouvèti asirans mache prive a, sa redwi tou risk evalyasyon ou si Citizens pa ka peye reklamasyon apre yon tanpèt sevè oswa yon seri tanpèt ki pi piti, sa ki alafen se yon ekonomi pou ou.

Clearinghouse Mete Ou an Premye

Clearinghouse la se yon zouti konparezon enpòtan ki ede ou verifye ou gen kouvèti konplè, nan yon pri konpetitif, epi optimize òf nouvo konpayi ki nan mache a.

Menm si asirans ka konplike, nou la pou ede asire nou yo rete nan pi bon men posib! Kontakte ajan w lan si ou gen kesyon konsènan Clearinghouse oswa opsyon kouvèti ou yo.



Èske Kontra Asirans Ou a sou Wout pou Renouvle? Pwograme yon Revizyon Kontra Asirans.



Kèk bagay nan lavi ou ka fin "pwograme epi ou bliye" yo, tankou gen lajan retrèt ou ki dedwi otomatikman sou salè ou oswa etabli peman otomatik pou fakti sèvis piblik ou yo. Sepandan, kèk lòt bagay, tankou renouvèlman asirans pwopriyetè ou a, merite yon dezyèm analiz, olye senpman pèmèt kontra asirans ou a revouvle ane apre ane.

Citizens rekòmande pou ou revize kontra asirans ou ak kouvèti ou yo ak ajan ou omwen yon fwa pa ane pou konfime ke enfòmasyon kontak ou yo, ki gen ladan moun ki gen ipotèk sou pwopriyete a ak enfòmasyon sou fakti a, yo ajou epi kouvèti ak dediktib ou yo rete apwopriye pou sitiyasyon ou an.

Ou ka revize detay kontra asirans ou yo fasilman atravè [myPolicy](#). Asire w ou li pake renouvèlman w lan ak anpil atansyon, tankou paj *Declarations* (Deklarasyon) yo (lè w resevwa l) pou wè si l egzak e apwopriye.

Kisa Ou Ta Dwe Revize?

Montan Kouvèti pou Kay Ou a

Montan kouvèti ou a reflekte sa li koute pou *rekonstwi* kay ou a, se pa pri ou te peye pou kay la, epi la pa reflekte valè aktyèl mache a. Pri rekonstriksyon sa a, ke yo rele valè ranplasman, yo ajiste chak ane pou reflekte chanjman nan pri konstriksyon ak materyèl yo.

Valè sa ta dwe ajiste pou reflekte nenpòt amelyorasyon nan kay ou a tankou renove oswa ajoute yon chanm. Epitou, pa bliye avize ajan w lan si ou ajoute nenpòt eleman ki ta ka kalifye kay ou a pou rabè oswa kredi, tankou mezi kont van (tankou pèsyèn oswa fenèt ki reziste a van) oswa yon sistèm alam sekerite oswa kont dife.

Dediktib

Yon dediktib se lajan ki sòti nan pòch ou pou w peye anvan asirans ou a kouvri yon pèt. Pandan dediktib ki wo yo ap redwi prim ou an, sa vle di tou depans lajan ki sòti nan pòch ou ki pi wo si kay ou a sibi yon dega ki kouvri epi ou prezante yon reklamasyon. Sonje tou pou revize montan dediktib siklòn ou an. Anvan ou ogmante nenpòt dediktib, diskite opsyon yo ak ajan ou a pou ou ka pran pi bon desizyon an pou bezwen ou yo.

Pri Prim

Prim asirans pwopriyetè yo anjeneral chanje lè w ap renouvle kontra asirans ou, donk li enpòtan pou konpare prim kontra asirans aktyèl ou a ak renouvèlman kontra asirans lan. Gen anpil rezon ki fè prim ou yo ka chanje, tankou chanjman jeneral nan to ak chanjman yo mande nan montan asirans lan.

Reyalize yon Envantè Kay

Finalman, asire w ou gen ase kouvèti pou ranplase byen pèsònèl ou yo, sitou si ou te fè nouvo acha oswa amelyorasyon. Omwen yon fwa chak ane,

reyalize epi mete ajou yon [envantè kay](#) – yon dokimantasyon konplè, chanm-pa-chanm de efè pèsònèl ou yo, ki gen ladan dat acha ak valè apwoksimatif yo.

Ou ka reyalize envantè ou a atravè videyo, foto, oswa ekri detay yo nan yon kaye. Kenbe li (ak yon kopi kontra asirans la) nan yon kote ki an sekirite, ou ka jwenn fasilman, epi pran li ak ou si ou bezwen kite kay la. Kòm yon pwoteksyon anplis, konsidere voye videyo a pa imèl pou ou gen yon bakòp nan ka diske di ou oswa òdinatè ou ta rive domaje oswa yo vòlè li.

Kilè Ou Ta Dwe Revize?

Gen moman enpòtan pandan ane a kote li natirèlman lojik pou revize asirans ou an – tankou lè w ap renouvle kontra asirans ou, nan kòmansman yon nouvo ane, oswa nan kòmansman sezon siklòn nan. Kenbe konsèy sa yo nan tèt ou:

- **Revize tout dokiman kontra asirans.** Pran nòt oswa ekri tou tout kesyon ou gen pou ajan w lan pandan revizyon kontra asirans ou a
- **Kenbe opsyon ou yo louvri.** Mache asirans Florida a ap amelyore, sa ki vle di ka gen konpayi asirans prive ki ka enterese a pwopriyete w la. Kòm yon asire Citizens, ou ka resevwa òf kouvèti pandan tout ane a nan [Depopulation Program](#) (Pwogram Depopilasyon an)
- **Mete ajan w lan okouran.** Si gen nenpòt chanjman nan pwopriyete, itilizasyon oswa pwopriyete a, kontakte ajan ou la pi vit posib.

Pwograme li epi Verifye li

Lè ou rete ajou ak chanjman kay ou a epi swiv kalandriye natirèl rapèl yo, w ap prepare epi pare pou chwazi pi bon kouvèti asirans – swa pandan renouvèlman anyèl ou a oswa pandan yon òf pwomosyon.

Gen anpil okazyon nan lavi kote ou ka “pwograme epi bliye,” men lè sa rive nan asirans pwopriyete kay ou, ou ta dwe “pwograme li epi verifye li.”

Rapèl sou Antretyen Nan Kay Nan Sezon Prentan



Deyò kay la

- Netwaye debri nan goutyè yo epi dirije tiyo drenaj yo lwen lakay ou. Enspekte pou chèche domaj, tankou twou oswa fant, epi fè reparasyon.
- Verifye twati kay ou pou wè si gen kawo ki andomaje oswa ki manke. Verifye grenye w' la tou pou wè si gen fwit oswa imidite. Fè yon pwofesyonèl enspekte nenpòt kote ki enkyete w'.
- Mache ozalantou lakay ou pou chèche nenpòt pati deyò ki kraze oswa andomaje oswa mòtye k'ap kraze. Fè reparasyon pou pwoteje kapasite estriktirèl kay ou a.
- Netwaye debri yo nan tout inite èkondisyonè w' la. Panse pou pran randevou ak yon pwofesyonèl pou prepare w' pou move tan pandan ete yo.
- Enspekte epi teste machin gazon w' lan. Verifye/chanje lwil la, mete nouvo gaz, verifye filtè, epi file lam yo.

Anndan kay la

- Teste tout detektè lafimen ak detektè monoksid kabòn yo. Ranplase batri ki nan chak inite.
- Netwaye akimilasyon plim ki nan vantilasyon ak tiyo evakyasyon pou machin pou seche rad ou an pou anpeche risk dife.
- Retire pousyè epi netwaye vantilatè plafon yo pou ede rann kay ou fre epi pèmèt van antre.
- Vide epi rene aparèy pou chofe dlo w' la pou retire depo sediman epi ede amelyore efikasite inite a.
- Enspekte tiyo machin a lave yo, evye, ak twalèt la pou chèche fwit. Sere epi repara/ranplase yo jan sa nesèsè.
- Enspekte epi netwaye moustikè fenèt ak pòt yo. Verifye bann pwoteksyon kont move tan yo epi fèmen sele espas yo pou konsèvasyon enèji.
- Ale nan chak chanm youn apre lòt epi aktyalize envantè kay ou a. Konsève yon kopi envantè w' la avèk dokiman enpòtan kay ou a.



myPolicy

Rapòte reklamasyon, gade reklamasyon ak eta kontra asirans, epi fè pèman 24/7/365



Citizens Property Insurance Corporation
Janvyè-Mas 2026 Nimewo 20

Rele Citizens First nan 866.411.2742

Rapòte yon reklamasyon 24/7/365 oswa W ap jwenn enfòmasyon byen presi soukontra asirans nan jou lasemèn yo ant 8 a.m. ak 5:30 p.m. ET

[Dezabònè](#)